

Chè Patisipan nan pwogram Seksyon 8 la,

Nou ta renmen mete w okouran konsènan etap Ajans Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) te pran pou soulaje difikilte finansyè patisipan Seksyon 8 gendwa genyen pandan eta dijans nan Vil Nouyòk la poutèt Kowonaviris (COVID-19) la:

NYCHA ap **kanpe tout aksyon sispansyon** pandan Vil la nan eta dijans, men ominimòm pou 60 jou.

**NYCHA ankouraje moun ki rete nan menm kay la ki pèdi revni pou yo al gade nan Pòtay Sèlf Sèvis NYCHA la.** Patisipan Seksyon 8 yo kapab deklare yon bèss nan revni moun nan kay la; pou fè sa, yo dwe ranpli yon Re-sètifikasyon nan Pòtay Sèlf Sèvis (Self-Service Portal) NYCHA an nan <https://selfserve.nycha.info>. Patisipan Seksyon 8 yo gendwa rele Sant Kontak ak Kliyan (Customer Contact Center, CCC) NYCHA an nan 718-707-7771 pou mande yo voye ba yo nan kourye lapòs fòm pou Mande Chanjman Enterimè pou Moun ki gen Koupon an.

Fanmi yo ki sibi yon pèt total revni gendwa kalifye pou Egzanpsyon Lwaye Minimòm NYCHA lan. NYCHA pral aplike egzanpsyon an otomatikman, jan sa apwopriye.

NYCHA ap travay depre ak Vil la, Eta a ak patnè federal yo pou siveye COVID-19 la ak enpak li genyen sou Ajans Lojman an. N ap travay pou kenbe patisipan nou yo an sekirite epi pwoteje byennèt anplwaye nou yo. Nou pral kontinye ba w mizajou osijè COVID-19, lè nou resevwa enfòmasyon yo. Si ou gen nenpòt kesyon oswa preyokipasyon, tanpri rele Sant Kontak ak Kliyan (CCC) an nan 718-707-7771.

Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade sit Wèb NYCHA an nan [nyc.gov/nycha](https://nyc.gov/nycha).

Mèsi pou kowoperasyon w.